# Ирон æвзаджы тъест

## Бафæрсут текст:

### Нартыкадджытæ
### НАРТÆ

Нартыл скодта фыдзымæг. Ныууарыдис залты мит. Сæ фосæн бахæринаг нал уыдис. Катай кæнынц нарт, сæ фос цæмæй аирвæзой, ууыл. Иубон æрæмбырд сты лæгæвзæрстæй се стыр хæдзармæ æмæ уынæффæ кæнынц сæ фосы искæдæм фескъæрыныл. Дзурынц Уырызмæгмæ: „Ды бирæ фæцыдтæ балцы, зоныс бæстæтæ иууылдæрит, чи зоны, ахæм бæстæ фехъуыстаис, зымæг мит кæм нæ вæййы“. „Ахæм бæстæ бæргæ зонын, загъта Уырызмæгæ, — деджызы былыл Т ары фырртты бæстæ. Уым зымæг кæрдæг уæрагмæ вæййы, фæлæ зын у уырдæм фос аскъæрынмæ ныфс бахæссын. Дыууæ æфсымæры сты уыдон. Сæ иуæй куы аирвæзой нæ фос, уæддæр иннæмæй нæ аирвæздзысты“.

Бирæ фæдзыртой, фæлæ ничи цыдис фосгæс.

1. Ссарут раст дзуапп:

*Кæцы жанры уæцмысмæ хауы Нарты Каджытæ?*

а) легендамæ.

б) аргъаумæ.

в) эпосмæ.

2. Ссарут раст дзуапп:

*Кæуыл æрцыд фыд зымæг?*

а) уаигтыл.

б) нартыл.

в) хайрæджытыл.

**3. Ссарут раст дзуапп:**

*Нартан сæ фосан цы нал уыдис?*

а) сыфтæртæ.
б) кæрдæг.
в) хор.

**Бафæрсут текст:**

**Стæйы цармдарæг**
**Автандилы Ныстуан Ростеван Паддзахмæ**

Лæг æлгъаджы тарст куы кæна тохты тухийæ, фыдудæй,
Сонтау адæргæй куы риза, уæд цыма кæндзæни худæй ? —
Ус — тыннывæндаг — æгаддæр нæу нæлгоймаджы тæппудæй.
Номæй, намысæй зынаргъдæр нæй хæзна ссарæн цæрдудæй.
Нæй ныууромæн н' адзалæн! — хæхтæ, быдыртæ сраст кæны;
Уый тыхджын — æдых адæмæй алкæй иу джиппы раскъæры;
Искуы ингæны сиу кæны саби, сонтимæ асдæры;
У æгады цард худинаг, ном та — кадимæ бастъæлын!

**4. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи у автор ацы поэмайы?*

а) Бестауты Гиуæрги.
б) Акаки Церетели.
в) Шота Руставели.

**5. Ссарут æмæ рафыссут ацы тексты æртæдæр афоризмтæ:**

..........................................................................................................................................................................................

..........................................................................................................................................................................................

..........................................................................................................................................................................................

..........................................................................................................................................................................................

..........................................................................................................................................................................................

..........................................................................................................................................................................................

**Бафæрсут текст:**

*
* *

…Искæй зæрдæ уæ дзыназгæ ныррризæд,
Искæмæ б а х ъ а р æ д адæмы хъыг,
Дзыллæйы мæстæй уæ исчи фæриссæд,
Иумæ уæ разынæд иу цæсты сыг! ...

Иугай ныйистæм, ныуагътам нæ бæстæ, —
Фос дæр ма афтæ ныппырх кæны сырд, —
Фезмæл — ма, фезмæл, нæ фыййау, нæ фæстæ,
Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд!...

Оххай-гъе! Не знаг нæ былмæ фæтæры, —
Кадмæ бæлгæйæ, æгадæй мæлæм ...
Адæмы фарнæй къæдзæх дæр  н ы н н æ р ы, —
Гъе, мардзæ, исчи! — бынтон сæфт кæнæм!

### 6. Ссарут раст дзуапп:

*Чи у автор ацы æмдзæвгæйы?*

а) Джиоты Давид.
б) Дзугайты Георгий.
в) Хетæггаты Къоста.

### 7. Ссарут раст дзуапп:

*Цауыл у ацы æмдзæвгæ?*

а) æгадзинадыл.
б) иудзинадыл.
в) уарзондзинадыл.

### Бафæрсут текст:

## Азау
## Радзырд

Бибо куывдæн гал аргæвста, адæмы æрхуыдта, Тогъуызаты стыр хæдзары арт фæйлауæнтæ кодта, физонджыты тæф ирдгæ дуармæхаста: адæм дыууæ æфсæйрагæй бадтысты. Иу къорд гаджидауты фæстæ „лæппуйыл ном сывæрæм“, — загътой. Нæмттæ

равзæрстой æмæ лæппуйы мадмæ, Томианмæ, иæ къухылхæцæджы барвыстой, цæмæй æгъдаумæ гæсгæ нæмттæй равзара, æмæ лæппуйыл йæ мады æвзæрст ном сывæрой.

Томиан йæ къухылхæцæгæн загъта:

— Цы дæ фæнды, уый иыл сывæр, дæ нывонд фæуон, фæлæ мæм „Таймураз“ дзæбæхдæр ном кæсы.

Томианы къухылхæцæг хисдæр лæгтæн бацамыдта Томианы æвзæрст ном. Хисдæр лæгтæ лаппуйыл ном сывардтой „Таймураз“, æмæ иæцæрæнбоны тыххæй гаджидау банызтой.

## Дзуапп раттут ацы фарстатæн:

8. *Чи у автор ацы радзырды?*

а) БеджызатыЧермен.

б) Гадиаты Секъа.

в) Гæбæраты Фаризæт.

9. **Томиан цы загъ да къухылхæцагæн?**

..........................................................................................................................................................

..........................................................................................................................................................

10. Ссарут раст дзуапп:

*Цы ном сывæрдтой лаппуйыл?*

а) Хетаг.

б) Таймураз.

в) Чермен.

**11. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи уыд Абайты Васо?*

а) поэт.

б) лингвист.

в) ахуыргæнæг.

**12. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи уыд Джусойты Нафи?*

а) финансист.

б) академик.

в) драматург.

**13. Ссарут раст дзуапп:**

*Чи уыд Тугъанты Махарбег?*

а) нывгæнæг.

б) æфсæддон.

в) публицист.

**14. Ссарут раст дзуапп:**

*Цас дамгъæ ис Ирон æвзаджы?*

а) 53.

б) 33.

в) 43.

**15. Ссарут раст дзуапп:**

*Цас хъæласон дамгъæтæ ис Ирон æвзаджы?*

а) 11.

б) 9.

в) 7.

**16. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

райсом —…………………

**17. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

зымæг —…………………

**18. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

къæвда —…………………

**19. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

бон —…………………

**20. Ныффыссут ныхмæвæрд дзырдтæ (антонимтæ).**

чызг —…………………

**21. Кацы ныхас у ныркккон рæстæджы?**

а) улæфын.

æз б) улæфыддæн.

в) улæфдзæн.

## 22. Кацы ныхас у ивгъуыд рæстæджы?

| | |
|---|---|
| | а) кусдзынæ. |
| ды | б) кусыс. |
| | в) куыстай. |

## 23. Кацы ныхас у Суинаг рæстæджы?

| | |
|---|---|
| | а) кæсы. |
| уый | б) касдзæн. |
| | в) касдис. |

## 24. Кацы у раст дзуапп?

| | |
|---|---|
| | а) ды. |
| цæуын | б) уый. |
| | в) æз. |

## 25. Кацы у раст дзуапп?

| | |
|---|---|
| | а) бæлас. |
| рæгъæд у | б) кæрдо. |
| | в) дидинæг. |

## 26. Кацы у раст дзуапп?

| | |
|---|---|
| | а) зары. |
| кафаг | б) кафы. |
| | в) лидзы. |

**27. Кацы у раст дзуапп?**

| | |
|---|---|
| | а) куывтой. |
| мах | б) кувæм. |
| | в) кувдзысты. |

**28. Кацы у раст дзуапп?**

| | |
|---|---|
| | а) тулы. |
| бæх быдыры | б) хизы. |
| | в) быры. |

**29. Кацы у раст дзуапп?**

| | |
|---|---|
| | а) хизынц. |
| мæргътæ | б) зарынц. |
| | в) рувынц. |

**30. Кацы у раст дзуапп?**

| | |
|---|---|
| | а) уары. |
| къæвда | б) таййы. |
| | в) змæнты. |

**Адих кæнут дзырдтæ уæнгтыл:**

31. хъæлдзæгдзинад……………………………………

32. кæддæриддæр………………………………………

33. хисæрфæн…………………………………………